

Sibvansyon FEMA Bay Priorite Sekirite ak Pwoteksyon pou Zile Vyèj Etazini yo

Release Date: Novanm 25, 2024

ZILE VYÈJ ETAZINI – Plizyè patnè kominotè atravè Zile Vyèj Etazini yo ap kapab ranfòse sekirite ak pwoteksyon yo gras ak sibvansyon FEMA yo. An total, yon ti kras plis pase \$1 milyon te atribye bay tanp adorasyon ak òganizasyon kominotè atravè yon pwoesis aplikasyon konpetitif. Sibvansyon sa yo pral finanse amelyorasyon estriktirèl pou pwoteje enstitisyon sa yo kont menas.

Angajman kominotè ant FEMA, Ajans Jesyon Ijans Teritoryal Zile Vyèj yo (VITEMA), ak Òganizasyon Volontè Zile Vyèj Etazini yo ki Aktif nan Katastwòf (VI VOAD) te esansyèl nan atribisyon Sibvansyon Sekirite pou Òganizasyon ki pa fè Pwofi ke yo bay sis tanp adorasyon atravè teritwa a. Anplis de sa, yon patenarya ant teritwa ak gouvènman federal la te pèmèt de òganizasyon nan Zile Vyèj Etazini yo resevwa Sibvansyon Sekirite pou Òganizasyon ki pa fè Pwofi.

Patenarya solid nou genyen ak VITEMA ak patnè kominotè nou yo nan Zile Vyèj Etazini yo te pèmèt, yon fwa ankò, plizyè kay adorasyon ak lòt òganizasyon resevwa sibvansyon sekirite ki pral finalman fè kongregasyon yo ak kominote yo pi an sekirite ak pi rezistan,” se sa Aaron VanDoren, Koòdonatè Pwovizwa Biwo FEMA pou Zile Vyèj Karayib la, te di. “Nou pral kontinye travay ak patnè nou yo nan sektè lafwa ak kominote yo pou asire yo gen resous pou pwoteje gwoup yo kont menas ki ta ka fè yo mal.”

Sibvansyon Sekirite pou Òganizasyon ki pa fè pwofi a bay sipò finansman pou ranfòsman enstalasyon ak lòt amelyorasyon ak aktivite sekirite fizik pou òganizasyon ki nan risk pou atak teworis oswa ekstrémis.

“Sa a se yon lòt egzanp kote Teritwa nou an, atravè VITEMA, itilize patenarya nou genyen ak FEMA ak lòt patnè nou yo pou fè finansman sa a disponib epi akòde li bay espas adorasyon nou yo ak òganizasyon ki pa fè pwofi nou yo,” se sa Stephen M. DeBlasio Sr., Asistan Direktè VITEMA, te di. “Finansman sa a ap fè Zile Vyèj Etazini yo vin pi solid, e mwen kontan wè kolaborasyon ak efò kowòdone ki te mennen nan sibvansyon sa a. Divizyon Sibvansyon VITEMA nou an ap



FEMA

Page 1 of 2

kontinye efò kowòdinasyon nou yo atravè siveyans ak egzekisyon konplè pwojè sa yo. Yon lòt gwo opòtinite nou te itilize nan kapasite maksimòm li pou fè patnè kominotè nou yo plis an sekirite kont yon atak teworis."

Divizyon Preparasyon FEMA nan Biwo Zile Vyèj Karayib la te fè pwomosyon sibvansyon an ak pwosesis aplikasyon an atravè yon atelye sou Preparasyon Òganizasyonèl, fòmasyon, ak konvèsasyon pandan tout ane a.

VITEMA te bay direksyon kritik bay aplikan potansyèl yo nan pwosesis sa a. Patenarya kolaboratif ant VITEMA, VI VOAD, ak FEMA te lakòz yon ogmantasyon ane sa a nan kantite aplikan nan Zile Vyèj yo pou sibvansyon sa yo, ki te mennen nan akòde finansman enpòtan pou òganizasyon kominotè esansyèl sa yo nan Zile Vyèj Etazini yo.

Si òganizasyon w lan enterese pouswiv opòtinite kap vini yo nan pwogram Sibvansyon Sekirite pou Òganizasyon ki pa fè Pwofi, vizite <https://www.fema.gov/grants/preparedness/nonprofit-security> pou aprann plis.

###

Misyon FEMA se ede moun anvan, pandan, ak apre yon katastwòf.



FEMA

Page 2 of 2